
लेखक और फोटो ः ओइलेम डे भिंक


# मसीह यीशु




सब समय के महान कहानी

# विषय का ह . . .













स्वर्गदूत - परमेश्वर के एगो न देखाई देवे वाला डाकिया। (पन्ना ५)

आशीष - सब निमन बात जो परमेश्वर हमनी के देवेके चाहतारण।

बाइबल - बाइबल में रउआ पढ़ सकताड़अ की कइसे परमेश्वर आपन लोगन के ओरिया ध्यान देवेलन अउर कईसे व्यवहार करेलन।

प्रभूभोज - यीशु के चेला यीशु के मरन अउर दोबारा जियला के बाद रोटी अउर दाखरस लेके करलन। (पन्ना ४१)

क्रूस - दुख देवेवाला एगो साधन जेकवा पर यीशु आपन ईच्छा से मन गईलन, यीशु के चेला सन के ऊ एगो निशान बन गईल। (पन्ना २५, ५०)

चेला - यीशु के चेलासन। (पन्ना १७)

ईस्टर - यीशु के दोबारा जनम लेवे के खातिर पर्व मनावल जाएला। यहूदी ई दिन फसह के पर्व मानेवेलन। (पन्ना ३७, ५४)

अनन्त जीवन - यीशु के साथे जिनगी जियल ई परमेश्वर के उद्देश्य बा, ऊ मौत पर जीत हासिल करिके बड़ जिनगी बा। (पन्ना २३, २९, ३०, ५९)

विश्वास - परमेश्वर पर भरोसा राखी अउर उनकर सबहीं बातन पर भरोसा राखी। (पन्ना ५७)

क्षमाशिलता - परमेश्वर माफ करलन। जब हमनी उनकरा लायक ना हंई तबो परमेश्वर माफ करलन जब हमनी उनकारा से आपन पापहन के माफी मांगीले अउर आपन में बदलाव करिले। माफी मांगल जा सकेला काहेकी यीशु के बलीदान से हमनी ऊ लायक बानी। (पन्ना ५७)

परमेश्वर के राज्य - जहंवा लोगन परमेश्वर के आज्ञा के मानलन ऊ परमेश्वर के राज्य बा।

पवित्र आत्मा - परमेश्वर के आत्मा जवन लोगन में रहेला अउर जे यीशु के मानेवाला बाड़न। (पन्ना ५७)

यीशु - परमेश्वर के बेटा के नाम बा, जे परमेश्वर हमार साथ बाड़न।

मसीहा - अभिषिक्त (जिनकर अभिषेद कईल गईल हो) राजा 'मसीह' (एगो हिब्रु शब्द) जउन ग्रीक भाषा में बा 'मसीह'। (पन्ना ५२, ५५)

प्रार्थना - हम लोगन के परमेश्वर के साथ नरम अउर बड़ आवाज में बतिआएके अउर बिना आवाज कईले बात सुनेके। (पन्ना १७, १९, ४२)

पुनरुत्थान - यीशु मरला के बाद फेरु जिंदा हो गईलन एगो दिन सब केहुके मरला के बाद जिंदा कईल जाई, तब परमेश्वर हर एगो आदमी के न्याय करिहन। (पन्ना ५३, ५७)

फेरु आवल - जब यीशु पृथ्वी पर फेरु से अईहन, स्वर्ग अउर पृथ्वी नया हो जाई, परमेश्वर के जरिया सब कुछो नया हो जाई। (पन्ना ५७)

शैतान - जे अदृश्य रुप में बाड़न ऊ परमेश्वर अउर आदमी के दुश्मन बाड़न।

पाप - ऊ बात जे हमनी परमेश्वर के चाहला के विरुद्ध करिला अउर परमेश्वर के उद्देश्य जवन हमनी सब खातिर बा ओकरा से हमनी के दूर रखेला। (पन्ना ४)

परमेश्वर के बेटा - यीशु के नाम बा, जे परमेश्वर के बेटा कहाईल जालन अउर आदमी के भेष में संसार में अईले बाड़न।




## यीशु मसीहा के हउअन ?

यीशु २००० हजार बरस पहिले इज़राइल में रहलन। हमनी उनका के 'यीशु मसीह' बा 'ईसा मसीह' कहत रहली। अर्थात ऊ एगो राजा, परमेश्वर के एगो बेटा काहत बाड़न। अर्थात परमेश्वर अउर 'इन्सान के बेटा' इन्सान से आइल बाड़न। बाइबल में यीशु के जीवन के इतिहास बतावल बा। ई एगो महान कहानी बा।

## यीशु के समय

हमार इतिहास यीशु के जन्म से शुरु होखत बा। ऊ समय लोग पैदल, गदहा पर, ऊँट पर, घोड़ा पर सफर करत रहलन। तबही रोम सम्राज्य यूरोप, मध्य पूर्व अउर उत्तर अफ्रीका में रहल। ढेर लोगहन त न लिखे अउर न पढ़े जानत रहलन। इज़राइल में यहुदी लोगन के 'किताब के लोग' कहल गईल बा। परमेश्वर किताब से बतिआएलन ऊ बा 'बाइबल'। ऊ सब देखाई देवेवाली बातहन के बनऊले बाड़न अउर उनकारा हमनी लोगन से दोस्ती करेके बा। ई यीशु हमनी के साफ देखवले बाड़न।






## यीशु के समय में इज़राइल

राजधानी : यरुशलेम।

बड़ प्रांत : गलील, सामरिया, यहूदीया।

विस्तार : लगभग २७०० कि.मी. (१०७१० मील)


मौसम : उष्ण कटिबंध

राजनैतिक : ६३ बी.सी. के पहिले से (मसीहा से पहिले) रोमी सम्राज्य के हकूमत इज़राइल में रहल।


सरकार : मुख्य पिलातुस, रोमी राज्यपाल इज़राइल में राज्य, तिबेरियस, रोमी सम्राज्य।


धर्म : यहूदी धर्म, यरुशलेम में यहूदी लोगन के चर्च बा। ऊहां यहूदी पूजारी सब धरम के काम करलन। अउर (जइसन फरीसी) बाइबल में से ऊ लोगहन के सिखावल करलन।

भाषा : हिब्रू (यहूदियों के भाषा) ग्रीक (अंतरराष्ट्रीय स्तर पर बोलन जाये वाला भाषा) लैटिन (रोमन भाषा)।



ई सब जन नदी के अरिया काहे जुटल बाड़न।
तू आपन के तइयार कर लह, परमेश्वर के राज्य निचके बा।


एक्षो नया जीवन शुरु कर।
परमेश्वर के न्याय के कुल्हाड़ी गाछ के जड़पड़ बा।
हर एगो गाछ जउन फर ना देवेवा ओकरा काट के आगि में झोंक देवल जाई।
हमनी सबही के हो सकेला काट देवल जाई। कवन निमन जीवन जिये के खातिर सक्षम बा ?
सब सही। कवनो भी परमेश्वर के न्याय से छुट ना सकेला। लेकिन हमरा पिछे से कवनो एकजना आहियन जौवन भितर अउर बाहर से सबहुन में बदलाव कर सकेलन।
अगर सहीं से तोहरा तोहरन के जीवन में बदलाव चाहीं त तू आपन पापहन के मान ल अउर ई पानी में डुबकी लगाव। (बाज्तिम ल)
अब तू तोहार पापहन से शुद्ध हो गईल बाड़। एगो नया जीवन शुरु कर।



सब लोग ऊ नदी में डुबकी देवेवाला यूहन्ना कहेलन।
हम काबिल न हंई। हम उनका खातिर रास्ता बना रहल बानी। जे हमनी के बतईहन की परमेश्वर के बाड़न। ऊ तोहरा परमेश्वर के आत्मा अउर आगी से डुबकी दिहन, ऊ तोहरा में बदलाव लईहन।
तब।
हमरा तोहार हाथहन से डुबकी लेवे के आवश्यकता बा।
हमनी उहें करेम जे परमेश्वर के इच्छा बा, ऊ अब कर।
परमेश्वर तोहार राज्य आवे अउर तोहार ईच्छा पूरा होखे।
तबही स्वर्ग से एगो आवाज आईल।
हाँ ! तू हमार प्रिय बेटा हउव। हम तोहार से परेम करिला अउर तोहरा पर खुश हई।


हमार उ समय के शुरुआत में यूहन्ना बपतिस्मा (मुक्ति) देवे वाला इज़राइली लोगहन के मसीहा अईहन, कहेके ऊ उनकार तईयार करावत बाड़न। ऊ समय इज़राइल रोमी सम्राज्य के एगो छोट भाग रहे।
इस्त्राइल
कफरनहूम
गलील
नासरत
काना
य र द न
यरूशलेम
यहूदिया
इज़राइल के यहूदियन अकेलहन, लाचार अउर दबाइल महसुस करत रहलन। ऊ लोग तब मसीहा कबहीं अहियन एकर राह देखत रहलन। ऊ हमनीके छोड़इहन अईसन पहिले ही पुरान यहूदी लोगहन के किताब में भविष्यनाणी कईल बा। ई मसीहा परमेश्वर के न्याय के विजय दिलईन।
यरदन नदी के बगले में, यूहन्ना मुक्ति देवल वाला यीशु के ओरिया देखत रहलन।
देखह ! ई परमेश्वर के मेम्ना बा जे संसार के पापहन के उठा ले जातबा।
उनकर मुक्ति भईला के बाद परमेश्वर के आत्मा यीशु के जंगल में ले गेईल।
ऊ चालीस दिन अउर चालीस रात रहल। जब ऊ हुंआ रहल, तब उनकरा कुछो खाईल-पीयल ना गईल। आपन सब उद्देश्य के देखे खातिर ऊ (उपवास) भूखाईल पार्थना करत बाड़न।
शैतान अदृश्य स्वरुप में राज्य करत बाड़न अउर संसार के नाश एवं मृत्यु के ओरिया ले जात बाड़न।
यीशु चाहताड़न कि परमेश्वर के उद्देश्य संसार में सफल हो जाव। लोगहन के मृत्यु के पकड़ में से छुड़ावल, ई परमेश्वर के योजना बा।
हां ! बाबूजी जो रउआ कहेम ऊ हम करेम।


लेकिन शैतान, उनकर दुश्मन, यीशु के लालच देखाइकर उनकरा परमेश्वर के उद्देश्य से दूर रखे के प्रयास कर रहल बाड़न।
जे तू परमेश्वर के बेटा हउव त इस पत्थर के रोटी कर द।
ना, अइसन लिखल बा कि आदमी खाली रोटी से ना, परमेश्वर के बचन से जिन्दा रहियन।
जे तू परमेश्वर के बेटा हउव, त सिद्ध करअ। ई मंदिर से तू नीचवा गिर जा। काहेकी ई नईखे लिखल, की स्वर्गदूत तोहका हाथों हाथ उठा लिहन।
ई भी लिखल बा परमेश्वर के परिक्षा न लेवेके।
जे तू हमरा प्रणाम करब अउर हमार उपासना करब, त पृथ्वीपर सब अधिकार हम तोहरा देहम।
ईहवां से चल जा शैतान, लिखल बा खाली एकेगो परमेश्वर बाड़न अउर खाली उनकरे उपासना अउर सेवा करेके।
तब शैतान यीशु के पास से चल गईलन अउर स्वर्गदूत आके उनकर सेवा करे लगलन।
यीशु गलील में गइलन, तब उहन पवित्र आत्मा भड़ गईल। यीशु उत्तर इज़राइल देश के बड़ अउर फैईलल प्रांत में आगे बढ़त गईलन। ढेर लोगहन के शक रहल कि ई ऊ यीशु बा कि ना जईसन भविष्यकर्तासन द्वारा मसीहा के बारे में लिखले बाड़न।


गलील जगहिया एगो पहाड़ के लागल, कान्ना नगर में बियाह बाटे।
यीशु उहां आपन महतारी अउर चेला लोगन के साथ गइल रहन।



लेकिन पहिले एगो दिकत बा।
एक्षो दिकत बा, हई, दाखरस खतम हो गईल बा।
यीशु जे कहत बाड़न उहे तु कर।
ई बड़का घईला में पानी भड़ेकेबा अउर सबसे बड़ प्रधान के पिये के खातिर देवेके बा।
?
पानी ? लेकिन, इ शरबत बा, बाह-बाह का शरबत बा।
स्वादिष्ट, तू निमन शरबत अबहु तक रखले बाड़ह।
अईसन बियाह में हमनी कबहूँ ना गईनी अउर न सुनली की पानी निगम घईला में बदल जाला।
इ रहल नासरत के यीशु के काम।
ऊ के हउवन ?



गलील झील के बगल में कफरनहूम ई भड़पुड़ल मलाह लोगन के गांव बा। उहां से यीशु ईश्वर के राज्य के बारे में लोगन के उपदेश देवे शुरु कईलन।
अलर उहवां ऊ आपन पहिला चेला चुनलन।
पतरस, गहीरा पानी में जा अउर उहां आपन जाल लगाव।
मालीक, हमनी भर रात मेहनत कईनी लेकिन कुछु ना पकड़ाईल।
तौभी, तू कहत बाड़ह ऐही खातिर।
ई का ? हमरा भरोसा नईखे होखत।



याकूब, यूहन्ना, ईहां आव। अब ढेर पकड़ाईल ह।
प्रभू ! हमरा के जाये द हम पापी आदमी हई।
पतरस, नईखे डेरायके।
चलह, हमार पिछे आव, हम तोहराके आदमी के धड़ेवाला मछुवार बनायेम।
हमार पिछे आव।


यीशु चेला लोगन के साथे पूरा गलील मुहल्ला में गईलन। सबहीन के परमेश्वर के राज्य के बारे में बतईलन। ऊ सब किसीम के बीमार लोगन के ठीक कईलन, बुरा आत्माओं के निकाल्लन अउर लोग भउचका होके यरुशलेम अउर इहां-उहां से अइलन। ऊ उनकर सब बातहन के सुनतन।










जईसन बरताव तोहरा दोसर केहु से चाहीं, ओईसन बरताव तू उनकारा साथे करह।
दुश्मन से परेम करह अउर उनकर खातिर प्रार्थना करह।
निमन बातहन के नुकाके करह, काहेकी ओकर देखावा न होखे।
जे कोई दोसर के मेहरारु के बुरी नजर से देखत बा ऊ आपन मन में व्यभिचार भड़ लेहले बा।
अखियन देह के दिया बा, जदि तोहार अखियन निमन रही त तोहार सगरो देह ऊर्जावान होई। लेकिन तोहार अखियन खराब रही त तू अनहार में रहब।
केहु भी दास दुगो मालिक के सेवा नईखे कर सकत जईसन परमेश्वर अउर धन।
बिहान के चिंता नईखे करेके, पहिले परमेश्वर के राज्य के खोजेकेबा अलर तब तोहरा सब कुछो मिल जाई।
जदि तू हमार बतवा के मानब अउर भरोसा करब त तू हुनकारा जईसन बाड़ह, जउन आपन घर चट्टान पड़ बनईले बाड़न। अउर नाहीं त तू हुनकारा जईसन बाड़ह जे आपन घर बालु पड़ बनईले बाड़न।


एक्षो दिन यीशु के घरवा के लगिया लोगहन के भीड़ हो गईल।
हमनी भितरवा नहीं जा सकिला।
ऊहंवा छत होई।
ऊहां ऊपरिया का चल रहल बा।
हुनका के आवेद। ऊ लोगन के विश्वास बड़ बा।
तोहार पापहन के माफ कर देवल गईल बा।
तू का हऊ सुनलह ? ऊ ई सब कईसे कर सकेला ?
ऊ मुरख बा।
खाली परमेश्वर ही पापहन से केहुके भी छुटकारा दे
एक्षो लंगड़ा आदमी के का ई कहल ठीक बा कि तोहार पापहन के क्षमा हो गईल बा अउर तू उठ खड़ा होजा।
पापहन से क्षमा करेके अधिकार मसीहा के दिहल गईल बा। लेकिन हम ई कहत बानी, तू आपन खटिया उठाव अउर घुम-फिर।



ई ना हो सकेला।
हाँ, हम चल सकतानी।
ऊ चलत बाड़न।
लेकिन उहां सब केहु यीशु के काम से खुश ना रहलन। धरम प्रधान सब्त के पवितर दिन यीशु का करताड़न ईहे पड़ ध्यान लगवले रहलन।
ई आदमीन का हथवा सुखा गर्लल बा। का ओकरा ई दिन पर निमन कईल ठीक बा।
आपना हाथवा आगे लिआव।
हाँ ! हम, निमन हो गईनी।
हमनी उनकारा के निमन करईत देखली ह।
यरुशलेम के प्रधान के ई जरुर बतईह कि ऊ (यीशु) गलत तरिका से राज्य के लोगहन के बिगड़ा रहल बाड़न।



रुकह,
बिलम जा।
ऊ हुनकर जहाज अरिया पड़ बांध देहलन लेकिन पहाड़ पड़.....।
रा. रा. रा. ह. रा. ह.।



यीशु अउर उनकर चेला गलील झील में से जात बाड़न।
हे ! प्रभु, हमराके बचाव, हम डुबतानी।
तू काहे डरत बाड़स हो, तोहार विश्वास कहा बा।


ऊहां बुड़ा आत्मा से पिड़ीत एगो आदमी रहे, जऊन पहाड़ में रहत रहे।
ऊ आ रहल बा।
ऊ कुरुप बा।
अच्छा... .. अच्छा... .. यीशु।
दुष्ट आत्मा बस ऐकराके छोड़द।
हे ! बड़ शक्तिशाली परमेश्वर के बेटा हमरा तोहरा से का काम ?
तोहार नाम का बा ?
सेना, काहेकी हमनी ढेड़ हई।
हई सूअरसन में हमरा के भेज द।
जा.....


?
हम सब तरह से निमन हो गईली।
जाऊ छोड़ी हमरा के।
का हम तोहरा साथे आ सकेली ?
नाहीं तू जा अउर जवन कुछ परमेश्वर तोहरा खातिर कईलन ऊ सब के बताव।


हम तोहरा से कहत बानी बेटा खुदही कुछु ना कर सकलन। ऊ सिर्फ उहीं करिहन जउन उनकर बाबूजी उनकरा से कहलन हमार बाबूजी के मरजी से। ऊ एगो ही बाड़न जउन हमरा भेजलन ह।
यीशु हरमेशा शान्त जगहिया पड़ प्रार्थना करे खातिर जायेलन।
रतिया में प्रार्थना के बाद यीशु आपन १२ गो चेलन के अलगा कईलन। ऊ हुनकारा के २-२ करके बहरी भेज दिहलन अउर उनकारा के बुरा आत्मासन पर अउर सबहीं प्रकार के रोगहन पर अधिकार देहलन।
ऊ दुगो भाई बाड़न पतरस अउर अन्द्रियास।
ई याकूब अउर यूहन्ना।
ई फिलीप्पुस अउर बरतुल्मै।



थोमा अउर मत्ती (ई पहिले रोमी अधिकारीसन में कर जमा करत रहलन)।
तद्दै अउर दोसर याकूब।
शमौन अउर यहुदा इस्करियोती।
जा जवन कौवनो तोहरा स्वीकार करिहन, ऊ हमरा भी स्वीकार करिहन अउर जवन कौवनो हमरा स्वीकार करिहन। ऊ जवन हमरा भेजलेहवन ओकरा भी स्वीकार करिहन।
ऊ १२ गो चेला उनकारा देवल गईल काम के करके बड़ जोश से आ गईलन। फिर यीशु हुनकारा साथे एगो शान्त जगहिया पर जाये के खातिर कोशिश करताड़न। लेकिन भीड़ हुनकाड़ाके छोड़े खातिर राजी नईखे।
अनाज ढ़ेड़ बा लेकिन जाना कम बा। परमेश्वर से प्रार्थना कईल जाओ की ऊ अनाज काटे खातिर अउर भी जाना भेजस।


जबहीं यीशु भोजन के बांटताड़न, तबही
उहां हजारो लोगहन भोजन करत बाड़न।



ऊ मसीहा बाड़न जे आवेवाला बाड़न।
हमरा राजा मिल गईलन।



अरे ! देखह, उहवां १२
गो टोकरी में पुरा भड़ल
खाना बच गईल।


अब लोगन के घरे जाये के समय हो गईल बा। तू डोंगी लेके दुसर
ओरिया चल जा। हम पहाड़ पड़ प्रार्थना करे के खातिर रुकत बानी।


यीशु बोलत रहलन अउर लोगहन के निमन करत रहलन उहां देर हो गईल।
फिलिप्पूस ई सब लोगहन के हमनी खाना कईसे लाईब ? तू ही हुनका कुछु काहे नाही देवत हो।
चानी के २०० रुपीया के रोटी भी हुनका खातिर पुरा ना होई।
इहां एगो लइका बा ओकरा पास पांच गो रोटी अऊर दुगो मछरी ही बा।
लोगहन सब के इहां ५० पचासगो करके बैइठावा।
यीशु परमेश्वर के धन्यवाद देवत बाड़न।
ऊ रोटी अउर मछरी के तोड़त बाड़न।


बाद में
अरेरे..... ऊ भूत बा।
डड़ मत हम बानी।
प्रभू जदि रउसा हंई त हमरा भी आपन लगे पानी पड़ आवे दी।
पतरस आव।
प्रभू हमरा बचाव।
पतरस तू शंका काहे कईल ?


उहां कौवनो जगह लोगहन सब यीशु के राजा कहत रहलन। उनका अईसन आशा रहल की यीशु के अधिकार से ई रोमी अधिकारी भाग जईहन। यीशु के विरोध करे वाला भी ढेर होत रहलन। ऊ हरमेशा उनकर आलोचना करत रहलन। यीशु के बाड़े में लोगन के भड़कावे के अउर ऊ चाहत रहलन कि लोगन सब यीशु से अलग हो जास।
स्वामी, रऊआ इहां कब अईनी ह ?
हम तोहरा रोटी देहली ओही खातिर तू हमरा खोज रहल बाड़अ।
जे नष्ट हो जाई ऊ भोजन के चिंता मत करअ। लेकिन ऊ भोजन के खातिर करअ जे रही अउर हमेशा जीवन दी।
हम अन्नत जीवन के रोटी हई। ई हमार देह बा जवन तोहार खातिर देवल गईल बा।
ई आदमी कईसे आपन देह हमरा खाये खातिर दे सकेला ?
मुर्खता के बात बा।
चल जायेल जाव।
ऊ सब केहुके फसा रहल बा।
प्रभु हम केकड़ा लगीयां जाई। तोहर लगे अन्नत जीवन के बचन बा।


यीशु के विरोध बढ़त हीं गईल। ऊ अब गलील प्रांत के छोड़के इज़राइल के दोसर भाग में ओकर काम मरद अउर औरत सबहन के साथ चालु रखलन।
यरूशलेम



ओकर बाद ऊ यरुशलेम में रहलन।


सफर करत समय,
लोगन हमारे बारे में का सोचत बाड़न, हम कवन हंई ?
ऊ सोचत होईहन कि तू भविष्यवक्ता बाड़आ


अलर तू ?


तू का सोचत बाड़अ कि हम कवन हंई ?


तू उद्धारकर्ता बाड़अ, जिवीत परमेश्वर के बेटा।


केहुके ना बताव कि मसीहा के यरुशलेम में धोखा होई अउर ओकरा मृत्युदंड मिली। लेकिन तिसरके दिन ऊ कब्र में से फेरु से जिन्दा हो जाई।


ऊ समय इज़राइल में कोड़अ के बिमार लोगन रहत रहलन। ऊ चरमा के खतरनाक बेमारी बा। अईसन लोग गांव के बहरी रहत रहलन अउर उनका निमन लोगन से ना मिले देवल जात रहे।
कोहड़ी लागल लोग जब कतहु बहरी जात रहलन त ऊ जोड़ से दोसर लोगन के सावधान कर देवत रहलन कि ऊ अवत बाड़न।
कोहड़ी..... कोहड़ी.....।
यीशु प्रभू ! हमरा पड़ दया करि।


यरुशलेम के बहरी हरमेशा लोगन के रोमन तरिका से सजा मिलेला।
जे कौवनो हमरा पिछे आवे चाहत बाड़अ त ऊ आपन क्रुस उठाई के हमरा पिछे चल आव।
जवन कौवनो आपन प्राण बचावल चाहत बाड़न ऊ ओकरा खो दिहन अउर जे कौवनो हमार खातिर आपन प्राण दिहन ऊ उनकारा बचईहन
तू ई जान ल की खाली एकेगो हीं परमेश्वर बाड़न।
जरुरी ई बा की तू परमेश्वर से पूरा मन से परेम करअ अउर जईसन आपन से परेम करलअ दोसरो से भी ओईसने ही परेम करअ।


जा, अब तू आपन के धरमगुरु के देखाव।
देखावे खातिर धरमगुरु के लगे जायेके ?
का हमनी तब निमन हो जाईम ?
?
!
देख ! हम निमन हो गईनी।
हमनी निमन हो गईनी।
हाँ !
हालेलुया ! परमेश्वर महान बाड़न। धन्यवाद।
जे निमन भईलन का ऊ १० गो ना रहलन ? ऊ दोसर कहां गईलन। का ऊ परमेश्वर के धन्यवाद देवे ना अईलन ?
खड़ा होखअ ! तोहर विश्वास तोहरा के निमन कईलकह अउर तोहर उद्धार हो गईल बा।


यहूदी के प्रधान यरुशलम में यीशु के देखे खातिर आपन गुप्तचर लोगन के भेजत रहलन। यीशु के काम के बारे में ऊ उनकर विरोधी रहलन।
ऊ खराब लोगन के साथे रहत रहलन, जैईसन की वैश्या, कर लेवेवाला रोमी अधिकारी।
मसीह ! भुलाईल के खोजे खातिर अउर ओकरा बचावे आईल बाड़न।
काहेकी यीशु सब्त के दिवा लोगन के निमन करलन।
निमन हो।
अलर उनकर लईकन पर खास ध्यान रहेला।
लईकन के हमरा लगे आवे द। परमेश्वर के राज्य उनकर जैईसन के ही बा।


यीशु के बैतनिथ्याह में बुलावल गईल। एगो गाव जवन यरुशलेम के बगले में बा। लाजर नाके एगो आदमी बेमार रहे। लाजर अउर ओकर बहीन मार्था अउर मरियम ई यीशु के यार रहलन। जबहीं यीशु उहां पहुंचलन तब सुनलन कि लाजर के कब्र में रखला चार दिन हो गईल बा।
प्रभू !
प्रभू ! जदि तू इहां होत, त हमार भाई लाजर ना मड़त।
मार्था, तोहार भाई फेरु जी जाई।
हां ! हमरा मालुल बा की ऊ अन्तिम पुनरुत्थान के दिनवा फेरु जी जाई।
पुररुत्थान अउर जीवन हमहीं हई। जे कोई हमरा पर विश्वास कड़ी ऊ जी जाई। का तू हमरा पर विश्वास करेलु मार्था ?
हाँ ! स्वामी, हम विश्वास करेली जा, की जे उद्धारकर्त्ता संसार में आवे वाला बाड़न ऊ तू बाड़अ, परमेश्वर के बेटा।
तू ओकरा कहां रखले बाडु ?
प्रभू ! आव अउरी देखअ।


देखअ, ऊ उनका से केतना परेम करेला।
परन्तु ऊ लाजर के (मृत्यु) मरला से ना बचा सकले।
इहां उनका के कपड़ा से लपेट के पहाड़ के कब्र में राखल बा।
ई पत्थर के हटाव।
प्रभू ! ओकर बदबू आई, चार दिन हो गईल बा।
तू परमेश्वर के महिमा देखबु।
बाबूजी, हम ई कहत बानी, इहां के लोगहन हमरा पड़ विश्वास करिहन की तू हमरा भेजले बाड़अ।
लाजर.....
निकल आव।
ई कब्र में के कपड़ा खोल दे अउर ओकरा आवे द।



यरुशलेम के अधिकारी अब यीशु अउर उनकर चेलन लोगन पर नजर रखले रहलन।
ऊ आदमी बहुतहीं चिन्ह देखावेला।
जदि हमनी अईसने छोड़ दी त रोमी अईहन अउर कुछु करिहन।
ऊ हमार राज्य अउर मंदिर सब के नाश करिहन।
तू तनिका सोचअ की समुचा राज्य के नाश होवेसे अच्छा बा कि एगो आदमी मर जाये।
ऐही खातिर यीशु के मरल अब जरुरी बा।
तब त यहूदी प्रधान यीशु के पकड़े के ताक में लागन बाड़न अउर उनका के रोम लोगन के देवे के कोशिश कर रहल बाड़न। ऊ मृत्युदंड देवे वाला अधिकारी कहालन।


यीशु बैतनिश्याह में रहलन।
मरियम
ऊ बड़ महंग इत्र बा।
भला होखत की ऐकरा बेचके पईसा कंगाल सब के बाट देवल जाईत।
ओकरा अकेले छोड़ दे। यहूदा ऊ हमरा देह के गाड़े के खातिर तैयार कर रहल बाड़ी।



फसह के परब आवहीं बाला रहे। लोगन के भीड़ यरुशलेम के ओर बढ़ रहल बा।



यरुशलेम में अधिकारी लोगन यीशु के पकड़े के खातिर योजना बनावत रहले। यीशु उहीं नगर के ओरिया आवत रहलन।



लोगन यीशु के जयकार अउर स्वागत कर रहला बाड़न।
वाह... वाह...।
वाह... वाह...।
धन्य बाड़न ऊ जे प्रभू के नाम से आवलन।
ऊ इज़राइल के राजा बाड़न।
ऐकरा जईसन हमरा कौवना ना मिलीहन।
समूचा राज्य ओकरा पीछवा जात बा।


राजधानी के बीचे में आराधना के मन्दिर बा।
फसह के परब के समय भेड़ सन के काटल जायेला।
भेड़िहन के मन्दिर में चढ़वना चढ़ाई के परमेश्वर अउर मनुष्य में मेल-मिलाप करवावल जायेला।
लेकिन कवन तरह के भेड़ के चढ़ावना चढ़ाके लोगन के पापहन से छुटकारा मिल सकेला ?
मन्दिर के जगहिया पर लोगन ओकर व्यापार अउर पइसन के लेन-देन करत रहलन।
यीशु भी वहीं रहलन।


परमेश्वर के घर ई प्रार्थना के घर बा, लेकिन तू लोगन ओकरा डाकुअन के अड्डा बना देले बाड़अ।
ऊ हमार खातिर खतरनाक हो सकेलन। सब लोगन उनकरे बात के सुनत बाड़न।
ऐकरा से हमनी के छुटकारा मिले के चाहिं।


जदि हमनी ओकरा खोजे में लागील रहीं त ओकरा हमनी पकड़ सकतानी और मार सकतानी।
लेकिन पर्व के समय नाहीं, कहीं अईसन न होई की लोगन में बवाल मच जाई।
ओकरा बदली तू हमरा केतना पईसा देबअ ?
ऊ यहूदी बा, ओमेसे एगो चेला।
हम यीशु के पकड़वा देहम अउर तोरहा दे देहम।
यीशु के बदला में हमनी तोहरा ३० गो चांदी के सिक्का देहम इ ह गुलाम के दाम।


फतह के परब के पहिले यीशु मन्दिर में संदेश देवत रहलन। प्रधान याजक उनकारा लेल समस्या खड़ा करत रहलन।
ऊ साझ के समय यीशु अउर उनकर १२ गो चेला फसह के अन्तिम खाना के लेल मिलल बाड़न।
आजुके रात ऊ हमनी करेके।


हमरा दुःख भोगे से पहिले ई फसह के खाना के हम तोहनी साथे करी ईहे हम बाट जोहत रहली।
अधिकारी सन दोसर से सेवा करवा लेवलन। लेकिन हम तोहरा साथे अईसन ना करेम।
ई अधिकारी तोहर सेवक बनीं।
हम तोहार सेवक जईसन बानी।



प्रभू ! का रउआ दास बनीके हमार पाव धोयेब ? ना कभहूं ना ?
पतरस, जदि हम तोहार पाव ना धोई त हमार संघे तोहार कुछहूं सां झा नईखे।
प्रभू ! त फेर हमार सर अउर हाथवा भी धो द।
जदि कवनो नहा लेवल बा त ओकर पाव के ही धोवल जाई।
तू हमरा प्रभू अउर स्वामी बोलावत बड़अ जवन कि ठीक बा। जईसन हम तोहार पाव धोलीह ऐहिखातीर ई जरुरी बा की तू भी अईसहींये एकदुसरन के सेवा करब।
तोहनी में से केहू एक जना हमार साथ विश्वासघात करब।
का ऊ हम त नाहीं ?
कभी ना।
यहूदा जे तू करल चाहत बाड़अ ऊ जलदी करल।


मार याद रखे के खातिर इहें करल कर।
ई रोटी ल जवन हमार देहिया बा।
ई गिलास ल, ऐमे हमार खून बा जवन तोहार लेल बहावल गर्लल बा, अईसने करके परमेश्वर तोहरा से नया बंधन बांध रहल बाड़न।
एक्षो नया आदेश हम तोहरा देत बानी। तू सब लोगन पर ओईसने परेम कर जईसन हम तोहरा से कईनी ह।
जदि तोहरा में परेम बा त सबहन के मालूम चलजाई कि तु हमार चेला हउव।
प्रभू, हम तोहरा साथे हमेशा रहेम, तोहार खातिर हम आपन पराण भी दे देहम।
पतरस ऊ समय मुर्गा बाँग दिहन अउर तू तीन बेरिया हमरा इन्कार करब।


उहे सांझ के यीशु अउर उनकर चेला ऊ नगर के छोड़ देवत बाड़न। यहूदा उनकर साथ नहीं जात बाड़न।
हम तोहरा एईजा छोड़ रहल बानी, लेकिन बाबूजी तोहरा पवितर आत्मा दिहन। ऊ तोहर मदत करिहन अउर हरमेशा तोहरे साथ रहियन।
जहवां हम जात बानी ऊ जगहिया तोहरा मालूम बा।
सच्चाई अउर जीवन के रास्ता हम ही बानी। हमरा के छोड़ कर केहू बाबूजी के पास ना जा सकेला।
तू उहंई रुक, हम प्रार्थना करे के खातिर आगे जा रहल बानी।
बाबूजी, जदि होकेला त ई दुःख के हमरा से दूर ले जा।
ई बा की हमार ईच्छा नाही, परन्तु राऊर ईच्छा पूरा हो सकी।



ई समय तू कईसन सुते सकेल ? जागईत रह। जवन हमार विश्वासघात करी ऊ इहवे बा।
जेकड़ा हम चूम ली ओकरा पकड़ लिह।
मालिक।
यहूदा, का तू चुमके हमार विश्वासघात करब।
मालिक हमनी ऐकड़ा से लड़त बानी।
नाहीं !
यीशु आपन के पकड़वावे देहतान अउर उनकर सब चेला उहां से भाग गईलन।


यीशु के महायाचक के घर ले जाईल गईल। यहूदियन के सबसे बड़ प्रधान, पतरस अउर यूहन्ना थोड़का ही दूर पिछे आवत रहलन।
पतरस आंगन में जात बाड़न।
का तू ओकरा साथे ना रहल ?
नाहीं, नाहीं हम ओकरा नईखी जानत।
का तू ऊ में से एगो नईख ?
एकदम नाहीं।
ठीक बा ई भी ओकरे साथे रहलक, ई एगो गलीली बा।
हम नईखी जानत तू का चाहत बाड़अ ?


यीशु के रोमी पिलातुस के सामने लावल गईल। ई लोगन पर यहूदी याचक नजर लगाई के देखल रहलन। ऊ सब उनका पर सब तरह से दोष लगावल गईल।
जे दोष तोहरा लगावल गईल बा तू ओकरा बारे में का कहल चाहत बाड़अ ? कुछो ना ?
तू का कइले बाड़अ ?
हम सत्य के गवाही देवे आईल बानी।
सत्य का बा ?
हम ई आदमी में कौवनो दोष ना पईनी। अबही फसह के परब आवत बा। हम केकरा छोड़ दी, बरअब्बा के बा ई यहूदियन के राजा के ?


कुकु अककुड़ कुकु
फटाक..... फटाक.....।
चली अब भविष्यवाणी करी कि के रऊआ के मारलख।
सबेरे यीशु के यहूदियन के महासभा में ले जाईल गईल।
का तू परमेश्वर के बेटा हउव।
जईसन तू कहत बाड़अन ओईसने बा।
ई मरे के लायक बा रोमीयन के ई करे द।


बरअब्बा...
बरअब्बा...
लेकिन ई यीशु के का कईल जाव अईसन तोहरा का लागत बा ?
ओकरा क्रूस पड़ चढ़ावल जाव।
ओकरा लागत बा की ऊ राजा बा।
जदि तू ओकरा छोड़ देबअ त तू कैसर के यार नाहीं।
ऐकरा बदली तोहरा छोड़ल जात बा।
बरअब्बा के छोड़ देवल गईल। ऊ राज्य में खून करे के दोषी पावल गईल रहे।
... ३७, ३८, ३९।
ओकर खून के बारे में हम निर्दोष बानी जा।
हे ! यहूदियन के राजा.....।



ऊ आदमी के देखे।
ओकरा क्रूस पड़ चढ़ाव।
ओकरा क्रूस पड़ चढ़ाव।
ओकरा क्रूस पड़ चढ़ाव।
पिलातुस मान लेहलस की ओकरा क्रूस पड़ चढ़ावल एगो डरावल मरल जईसन बा। यीशु ऊ क्रूस के लकड़ी के खुटा के बड़ा दुख से रास्ता पर ले जात रहलन।
मृत्युदंड देवे के काम नगर के बाहर कईल जा ला। ओकरा गुलगुता बा 'खोपड़ी' के जगह कहल जाला।
यीशु के सैनिकन सब क्रूस पड़ चढ़ा देहलन।


ओही समय यहूदियन के उनकर गलतियन के अहसास भईल।
हम गलती कईनी।
हम ई निर्दोष खून के विश्वासघात कइनी।
हमार साथे तोहर का काम बा ? ई तोहर समस्या बा।
यीशु के दु (२) अपराधियन के बीचे में क्रूस पड़ लटकत रहलन।
बाबूजी ! इनका के माफ कर दिहअ। ई नईखन जानत कि ई का कर रहल बाड़न।



क्रूस के ऊपरवा एगो गुनाह चिट्ठी लिखल बा। ओकर मतलब बा कि 'यीशु यहूदियन के राजा बाड़न'।
IESVS NAZARENVS REX IVDAEORVM
यीशु कड़वा सरबत पिये से मना कर देहलन।
सैनिकन सब ऊनकर कपड़ा से लेखत रहलन।
हाँ ! का ऊ दोस के ना बचईलन ?
जदि तू परमेश्वर के बेटा बाड़अ त ई क्रूस पड़ से आपन के छोड़ा लअ।
आपन के बचाव अउर हमरा भी बचाव।
परमेश्वर के आदर कड़अ। हमनी के त हमार अपराध के दण्ड मिलल बा। लेकिन ई आदमी त कुछो न कईले बा।
जब तू आपन स्वर्ग के राज में अईन त हमार खबर लिह।
हम तोहरा विश्वास के साथ कहत बानी, आजही से तू हमार संघे आधालोक में रहब।


दुसरका पहर से तिसरका पहर तक सारा देश में अंधियारा छाईल रहल।
मरियम यीशु के माई अउर यूहन्ना उनकर चेला क्रूस के लगे खड़ा रहलन।
अब ईहे तोहर माई अउर ई तोहर लईका।
परमेश्वर... ! हमार परमेश्वर... तू हमरा काहे छोड़ दिहल।
हम पियासल बानी।
बाबूजी, हम आपन आत्मा रऊअर हाथ में देवत बानी।
पूरा भईल।


ई सब बातन के होखे के बाद फसह के परब के समय कए गो महिलसन ऊ बंद कब्र के लगीया अईली।
ऊ पत्थर त लुककल बा।
तू ऊ जियल के मरल में काहे खोजत बाड़अ ? ऊ जी गईल बा। जा अउर उनकर चेलन के बताव।
जब ऊ ई बात सुनलहन, पतरस अउर यूहन्ना तबही कब्र के ओरिया दउड़ के जात बाड़न।
काई भईल ?
ऊ समुचा खाली बा।


ऊहे दिन यीशु के दुगो चेला रास्ता पड़ चलईत रहलन अउर एगो आदमी मिललन जेकरा यीशु के बारे में बतावे लगलन।
का तोहरा ऊ भविष्यवाणी पर विश्वास नईखे ? उनकर महिमा में जाये खातिर मसीहा के दुख में से जायके पड़ल ? ई सब किताब में लिखल बा।
हटाक से खाये के बाद कौवन आ गईलन ?
लेकिन ऊ यीशु ही रहलन।
बचल चेलासन यीशु के खोजे चल गईलन।
मरियम अउर पतरस भी देखलन ह।
हमनी प्रभू के देखनी ह।
अचनाक.....।
तोहनी के शान्ति मिले।
का तोहनी के विश्वास नईखे की हम बानी।
हमार प्रभू हमार परमेश्वर।


यीशु दोपहर तीन बजे मर गईलन। एगो सैनिक यीशु के भाला से घोपलक तबही उनकर शरीर से खून अउर पानी निकल आईल।
किताब में अईसन लिखल बा कि भेड़ के नाई ओकरा कत्तलखाने में ले जाई।
हमनी के सब पापहन खातिर उनका के मारल जाई, घोपल जाई। अब ऊ मर गईल बाड़न।
का ईहे ऊ मसीहा रहलन जे आवेवाला रहलन ? का नाहीं ?
का हमनी ई शव के गाड़ सकतानी, चल उनका से पूछल जाव।
यूसुफ,अरिमतिया अउर नीकुदेमुस यीशु के मरल शरीर ले जात पाड़न। ऊ उनकाके सफेद कफन में लपेटले बाड़न अउर ओपर मिश्रण लगागे कब्र में घुसे बाला दरबाजा पर बड़ पत्थर लढ़काके रख देलन ह।



बहरी कब्र के अरिया बगान में...।
हे ! माई, तू काहे रोवत रोवत बाड़ू ? तू केकरा खोजत बाड़ू ?
हे ! महराज, का रऊआ उनका उठईनी ह ?
मरियम.....।
मालिक.....।
हमरा लगे ना रुकी। जाके हमरा भाई सबके बताव कि हम फेरू से हमरा अउर तोहनी के बाबूजी के लगीया आरहल बानी। हमार अउर तोहार परमेश्वर।


यीशु आपन चाहे वाला के आगे ४०
दिन तक देखाई देलन। ऊ एक
बेड़िया त ५०० लोगन के एकेसाथे
देखाई देलन। एगो दिन यीशु के
कएगो चेलन गलील पोखड़ा में
मछरी पकड़त रहलन।
तोहार लगे कुछो खाये के खातिर बा का ?
ना हमनी कुछो ना पकड़नी ह।
तू आपन जाल दोसर ओरिया लगाव।
बाह ! का पकड़ल ह ?
ऊ प्रभू बाड़न।
मालिक !!!
का तू आके हमार संघे
खाना खईब ?


पतरस, का साचो तू हमरा से परेम करल ?
यीशु, ई प्रश्न पतरस से तीन बेड़िया पूछलन.....।
हाँ ! प्रभू रऊआ के मालूम बा कि हम रऊसा से प्रेम करिला।
हमार भेड़न के देखिह।
हमार पिछे आव।
स्वर्ग अऊर धरती पर सबही अधिकार हमरा देवल गईल बा। संसार में जा अउर सभी जगह हमार चेला बनाव। उनकारा पिता, पुत्र अउर पवित्र आत्मा के नाम से बप्तिसमा द अउर जे बात हम तोहरा सिखईनी है, उनकारा तू जाके सिखाव।
ऐकरा याद रखीह, हम तोहरा साथे हरमेशा रहेम हर एगो दिन अउर दुनिया के अंत होये तक साथ रहेम।
ई बात कहे के बाद यीशु धरती छोड़ देहलन अउर स्वर्ग में चल गईलन। लेकिन ऊ अईसन भी कहलन कि ऊ लोगन के न्याय करे के खातिर फेरु अई हन।

उनकर चेला यरुशलेम में प्रार्थना करलन। पवित्र आत्मा उनकारा परमेश्वर के आत्मा से भड़लन। उहे आत्मा जे यीशु के साथे रहल, अब ऊ उनकरे साथ बा। नया लोगन के यीशु के खातिर ऊ मदत करलन।








अब यीशु के मानेवाला सब धरती पड़ एगो होके पार्थना करलन अउर बाइबल पढ़लन। ऊ यीशु के मृत्यु के रोटी तुड़के अउर दाखरस लेके याद करलन। परमेश्वर के ईच्छा बा की परमेश्वर के परेम के एही तरे दोसर केहू के साथे बाटल जाव, जवन उनकर हृदय में बा।


यीशु परमेश्वर के उद्देश्य के पूरा तरिका से लोगन के खातिर पुरा कईलन।
यीशु हमरा से परेम करलन। उनकरा धन्यवाद द अलर उनकरे आराधना करअ।
काहेकी परमेश्वर ने ई संसार से अईसन परेम कईलन की ऊ आपन एगो बेटा के दे देलन बाकि जे उनकरा पर विश्वास करिहन ऊ नष्ट ना होईसन, लेकिन अनन्त जीवन पईहन।
WILLEM DE VINK

# बाइबल :-

यीशु के कहानी बाइबल में लिखल बा। बाइबल से अधिक अउर कौवनो किताब ऐतना ज्यादा बार नईखे पढ़ल गर्लल। ई सब किताबहन के एगो ग्रंथ बा। १५०० बरस लग गईल ई किताब लिखेमे। १९०० बरस पहिले बाइबल पूरा भईल। ऐकरा में सब बात लिखल गईल बा कि कईसे परमेश्वर लोगन के जीवन में काम करलन। परमेश्वर कवन हउवन ई सब यीशु के बात से हमनी के निमन समझ आवेला।



# यीशु के इतिहास

**१. मत्ती** – यीशु के चेला, जे, कर उठावे के काम करत रहलन। ऊ वर्णन कईले बाड़न कि कईसन करके यीशु ईज़राइल के लोगहन से बरताव कईले रहलन।

**२. मरकूस** – यीशु के कई चमत्कारन के बारे में ऊ लिखले बाड़न। जब यीशु काम कईलन तब मरकूस लईके रहलन।

**३. लूका** – ई एगो बैद रहलन। ऊ व्यक्तिगत तरह से यीशु के न जातन रहलन। ऊ वर्णन कईले बाड़न कि कईसे यीशु लोगहन के साथे चललन।

**४. यूहन्ना** – यीशु के एगो मानेवाला जे ई बतलवन कि यीशु के बाड़न। यीशु परमेश्वर हउवन, जे आदमी बनल ताकि लोगहन के उनकर पापहन से छुटकारा मिल सके।

# यीशु जनम

यीशु के माई मरियम के वियाह ना भईल रहे, जब यीशु के जनम भईल तब उनकर माई कुमारी रहली। लेकिन यीशु के जनम के योजना परमेश्वर बनवले रहलन। ई सब बात पहिले ही किताब में लिखल गईल रहे।

# यीशु के



यीशु बड़ चमत्कार कईलन बाइबल में ४० से जादा चमत्कार लिखल बा। ई चमत्कारण के जरिय यीशु परमेश्वर के शक्ति अउर उनकर परेम के अनुभव लोगन के देवलन। उनकरा लोगन के मदत करेके बा अउर उनकाके खुश राखेके बा।





# यीशु के मृत्यु अउर

## यीशु काहे मर गईलन ? ऐकर बारे में बाइबल में देवल गईल बा।

सब लोगन जे झूठ बात करलन ऊ परमेश्वर के क्रोधित अउर दुखी करलन। ओकरा ही पाप कहल जाला। ई सब पाप लोगन के परमेश्वर आपन से अलग राखेला अउर ऐही खातिर यीशु आईल बाड़न यीशु हमनी के पापहन के सजा खुदे ले लेलन। ऊ सजा मृत्युदंड रहल, ऐही खातिर यीशु मर गईलन अब हमनी दोबारा परमेश्वर से मिल सकत बानी। लेकिन हमनी के आपन गलतीयन के माफी मांगे के चाहीं। यीशु मृत्यु से जिन्दा हो गईलन, परमेश्वर उनकरा जिन्दा कईलन। अईसन करके परमेश्वर देखईलन की ऊ मृत्यु से भी शक्तिशाली बाड़न।

# प्रार्थना

जदि रउआ गलत बातन के खातिर क्षमा मांगल चाहतानी अउर परमेश्वर से दोस्ती करल चाहतानी त रउआ ई प्रार्थना कर सकतानी। प्यारे परमेश्वर, तू हमरा से परेम करलअ। रउआ यीशु के देनी जे रउअर एकलौता बेटा जे क्रूस पड़ मर गईलन। जवन भी गलत हम कईनी ऊ सभी पापहन के कृपया माफ कड़ी। यीशु हमार साथे बाड़न ऐही खातिर रउआ के धन्यवाद।का तू आपन इच्छा से हमरा जीवन जिये के खातिर मदत करब ? रउआ जे बचन देत बाड़अ ऊ रउआ पूरा करलउन। हमार प्रार्थना के उत्तर देलअ ऐही खातिर धन्यवाद।

# यीशु अउर रउआ

यीशु के कहानी के एगो निमन समाप्ति बा। यीशु ढेड़ से महान लोगन के यार बाड़न। अबहु अउर तबहु भी दुनिया बदल गईल रहे। ढेड़ लोगन अबहु गदहा पर अउर घोड़ा पर सवारी ना करलन, ऊ कार बा हवाई जहाज से सवारी करलन। लेकिन यीशु पर एकर कवनो प्रभाव ना पड़ेला। जईसन ऊ इज़राइल में रहलन ओईसने ऊ अबहु भी हमार साथ बाड़न। ऊ अदृश्य बाड़न लेकिन उहे सत्य बाड़न। ऊ रउअन के यार बनावे चाहत बाड़न, तू उनकरा के सुन सकेल।

**का रउआ के यीशु के साथे जीवन अउर उनका बाड़े में ढ़ेर जानकारी चाहीं त रउआ निचे देवल गईल काम करी -**

१. रउआ खुदही बाइबल पढ़ी (लूका के लिखल भाग पढ़ी)

२. प्रार्थना करीं (परमेश्वर के संघे बोलेके अउर उनकाके सुनेके, रउआ के कवनो दोसर शब्द बोले के जरुरत नईखे)

३. बाइबल के बारे में अउर यीशु के बारे में दोसर से बतिआये के। यीशु चाहत बाड़न कि उनकाके माने वाले एक-दुसरन के मिलके उनकरा आगे बढ़ावे के।



**Publisher : KRISTALAYA MERCY MISSION**
**Printed : Kristalaya Printers**

Text and illustrations : Willem de Vink,
Copyright 1993 Stichting Wereldtaal, Houten, The Netherlands,
Published in Dutch as "Jezus Messias". Edition in Bhojpuri © 2020 ISBN: 978-90-73150-70-6
Digital copyright under the terms of the Creative commons By-SA licence.
All rights of translation, reproduction and adaptation reserved for all countries.
Worldwide co-edition organised and produced by : Wycliffe Netherlands,
Postbus 150,3970 AD Driebergen, The Netherlands
+31(343)517444, www. wycliffe.nl, email: picturebook@wycliffe.nl

## ई यीशु मसीह के एगो सच कहानी बा

जे २००० साल पहिले इज़राइल मे रहलन। जे केहु उनका से मिलतन ऊ सोंच में पड़ जईतन। जे कुछ ऊ कईलन ऊ अउर केहु न कर पावत। जे बात ऊ बतइलन, ऊ अउर केहु न बतइलन। जहंवा यीशु रहत रहलन। उहां चमत्कार होखत रहे। जे कवनो उनकाके सुनतन ऊ आनन्द अलर खुशी से भर जात रहलन। तब अचानक अन्त अईसन भईल लागत बा। उनकर विरोधी उनकाके सजा देहलन, लेकिन ऊ अन्त ना रहे, आगे जे भईल ऊ रउआ खुदे पढ़ी अउर देखी की कईसे यीशु के कहानी अगवा बढईत जात बा।



Language: Bhojpuri
ISBN: 978-90-73150-70-6